

LOGO SEKOLAH	PEMERINTAH KABUPATEN DINAS PENDIDIKAN SUMATIF AKHIR SEMESTER I TINGKAT SD/MI TAHUN PELAJARAN 20../20..	
-----------------	--	---

Kelas : 6 (Enam)	Nama :
Mata Pelajaran : Bahasa Sunda	Nomor Peserta :
Hari/Tanggal :	Nama SD :
Waktu :	Nilai :

- Petunjuk Umum :**
- 1. Tulis terlebih dahulu nama, nomor, SD sebelum kamu mengerjakan soal di bawah ini.
 - 2. Berdoa sebelum mengerjakan soal.
 - 3. Kerjakan soal pada lembar kerja yang telah disediakan.
 - 4. Gunakan pensil 2B untuk mengerjakan.
 - 5. Periksa kembali hasil pekerjaanmu sebelum diserahkan .

----- Selamat Mengerjakan -----

I. Béré tanda cakra (X) dina aksara A, B, C atawa D di hareupeun pernyataan anu saluyu!

1. Baca wacana di handap ieu!

Taufik Hidayat, keur jaya-jayana jadi atlét badminton pohara kasohorna, sabab geus jadi sabiwir hiji. Lain di nagara urang baé, malah nepi ka mancanagara. Ari sababna, mindeng jadi juara badminton Tingkat dunya. Anu matak pikareueuseun mah, Taufik téh atlét badminton nu munggaran bisa ngagabungkeun gelar Juara Olimpiade jeung juara Dunia Tunggal Putra. Anu ngalantarankeun Taufik Hidayat matak pikareueuseun nyaéta

- A. bisa ngagabungkeun gelar Juara Olimpiade jeung Juara Dunia Tunggal Putra
- B. bisa ngagabungkeun gelar Juara Olimpiade jeung juara Dunia Tunggal Putri
- C. bisa ngagabungkeun gelar Juara Asian Gamés jeung Juara Dunia Tunggal Putra
- D. bisa ngagabungkeun gelar juara Asian Gamés jeung Juara Dunia Tunggal Putra

2. Baca wacana di handap ieu sing tenget!

Wahyu Wibisana téh kaasup pangarang Sunda anu geus boga ngaran, sarta mindeng icikibung dina rupa-rupa widang kagiatan kabudayaan. Lahirna di Cisayong, Tasikmalaya, 19 Januari 1935. Kang Wahyu dilahirkeun tanggal

- A. 9 Januari 1935
- B. 9 Januari 1953
- C. 19 Januari 1935
- D. 19 Januari 1953

3. Perhatoskeun kandaga kecap di handap ieu!

- 1) mancanagara
- 2) pituin
- 3) anléh
- 4) munggaran

Kecap di luhur anu hartina mimiti, ditunjukkeun ku nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

4. Perhatoskeun istilah dina widang kasenian di handap ieu!

- 1) pangarang
- 2) bujangga
- 3) sutradara
- 4) nayaga

Istilah kasenian di luhur, anu hartina sesebutan pikeun pangarang jaman baheula ditunjukkeun ku nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

5. Perhatoskeun babasan anu nuduhkeun kaayaan di handap!

- 1) tiis ceuli
- 2) lara balangsak
- 3) beurat beunghar
- 4) réhé combrék

Babasan di luhur anu hartina ngarasa tingtrim sabab teu loba dédégan ditunjukkeun ku nomer

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

6. Nani nyawad lanceukna anu maké baju kelir beureum, sabab teu pantes. Kecap teu pantes, lamun maké gaya basa rautan jadi

- A. kirang uyah
- B. kirang gula
- C. kirang saé
- D. kirang getol

7. Perhatoskeun kalimah wawancara di handap!

Komar : “ ... hasil tina ngadamelan wayang téh?”

Pak Asép : “Hasil tina ngadamelan wayang téh nya cekap waé kanggo hirup sadidinten”.

Kecap pananya anu saluyu pikeun ngeusian titik-titik di luhur nyaeta ...

- A. Saha
- B. Sabaraha
- C. Iraha
- D. Naha

8. Perhatoskeun ngaran kadaharan has daerah di handap!

- 1) gudeg

- 2) galéndo
- 3) rendang
- 4) tauco

Kadaharan has daérah Jawa Barat ditunjukkeun ku nomer

- A. 1 jeung 3
- B. 1 jeung 4
- C. 2 jeung 3
- D. 2 jeung 4

9. Perhatoskeun kalimah di handap!

Néng Euis ngarasa gumbira, sabab dipasihann hadiah ku ibuna. Sinonim kecap gumbira, nyaéta

- A. atoh
- B. susah
- C. badag
- D. sedih

10. Perhatoskeun kalimah di handap!

Di kebon binatang loba rupa-rupa sasatoan. Diantarana waé gajah. Gajah kaasup sato anu awakna gedé.

Antonim kecap gedé, nyaéta

- A. badag
- B. handap
- C. leutik
- D. jangkung

11. Perhatoskeun paribasa di handap !

- (1) bibilintik ti leuleutik babanda ti bubudak
- (2) indung tunggul rahayu, bapak tangkal darajat
- (3) ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak
- (4) bengkung ngariung bongkok ngaronyok

Paribasa anu hartina daék nabung ti bubudak pikeun bekel engké mun geus dewasa ditunjukkeun ku nomer....

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

12. Perhatoskeun kalimah di handap !

Ulah sok putus asa mun nyanghareupan pangajaran anu hésé téh, tapi kudu terus dikeureuyeuh, da tangtu dina ahirna bakal bisa, apan

Paribasa anu saluyu pikeun ngeusian kalimah rumpang di luhur nyaéta

- A. pait daging Pahang tulang
- B. bedog mintul mun diasah lila-lila jadi seukeut
- C. buruk-buruk papan jati
- D. pindah cai pindah tampian

13. Perhatosken kecap di handap!

- 1) bapa

2) ema

3) raka

4) uwa

Kecap di luhur lamun disalin kana aksara sunda jadi

A. 1,2

B. 3,4

C. 2,3

D. 1,4

14. Perhatoskeun kalimah di handap!

Mang Kosim pabeubeurang indit ka kebon. Di kebon ninggali kalapa geus karolot. Tuluy Mang Kosim naék ngala kalapa

Kecap **itungan lobana bilangan** anu saluyu pikeun ngalengkepan kalimah rumpang di luhur nyaeta

A. saturuy

B. samanggar

C. sahanggor

D. saranggeuy

15. Perhatoskeun kalimah di handap!

Sabab diheureuyan baé, antukna budak téh ... ceurik.

Kecap Anteuran anu saluyu pikeun ngalengkepan kalimah rumpang di luhur , nyaéta

A. bus

B. hos

C. am

D. hing

II. Eusian titik-titik di handap ku pernyataan anu saluyu!

16. Perhatoskeun kalimah di handap!

Taufik Hidayat, pituin urang Pangaléngan, Kabupatén Bandung.

Kecap pituin hartina _____

17. Ayeuna disebutna pangarang, baréto mah istilahna

Istilah dina widang kasenian anu saluyu pikeun ngeusian kalimah rumpang di luhur nyaeta

18. Baheula mah di Gunungputri téh ... , da ayeuna mah geus robah, loba tatangkalan nu dituaran.

Babasan nu luyu pikeun ngalengkepan kalimah rumpang di luhur nyatéta ... _____

19. Bu Enok nyarita ka Pak RT yén masih kénéh aya warga anu **ngedul** miluan kerja bakti.

Kecap ngedul lamun make gaya basa rautan jadi _____

20. Mending gé ... ku cara daék tatanya ka anu nyaho, batan akon-akon ngarasa jadi jalma pinter mah.

Babasan anu luyu pikeun ngalengkepan kalimah rumpang di luhur nyaéta _____

21. Tiap daérah miboga kadaharan has daerah masing-masing. Kadaharan has daerah téh rupa-rupa, aya tahu, dodol, tahu kupat, tauco, galéndo jeung sajabana. Tauco mangrupikeun kadaharan has daerah

22. Upami hidep badé angkat ka sakola atanapi badé ameng kedah bébéja kanu janten sepuh, supados sepuh henteu melangeun. Sinonim kecap bébéja nyaéta _____
23. Aya sababaraha murid anu nganggap yén pangajaran Bahasa Sunda téh hésé. Antonim kecap hésé nyaeta _____
24. Sadayana ogé yakin yén Pak Engkus mah moal unggut kalinduan moal gedag kaanginan, sanajan loba gogodana. Harti paribasa moal unggut kalinduan moal gedag kaanginan nyaeta _____
25. Istilah dina widang kasenian téh réa pisan, diantarana waditra, karawitan, anggana sekar, déklamasi, dalang, jeung sajabana. Jalma anu ahli medar carita jeung mintonkeun pagelaran wayang disebut _____

III. Pigawé soal-soal di handap saluyu jeung paréntah soal!

26. Naon harti istilah dina widang kasenian di handap?
- a. anggana sekar
 - b. déklamasi
- _____
27. Naon harti babasan di handap?
- a. lembur singkur
 - b. kembang buruan
- _____
28. Naon sinonim kecap di handap?
- a. laun
 - b. indit
 - c. baréto
- _____
29. Salin kalimah di handap kana aksara sunda!
- Ema mawa kalapa ka Majalaya.
- _____
30. Jieun kalimah ngagunakeun kecap di handap!
- a. kotor
 - b. beresih
- _____